दिन– रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–11.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली स्थित अपन आवास पर एक उच्च स्तरीय बैसार मे भारत–पाकिस्तान द्वारा संघर्ष विरामक उल्लंघन के लऽकऽ चर्चा कयलनि। बैसार मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, विदेश मंत्री सुब्रह्मण्यम जयशंकर, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल, रक्षा प्रमुख जनरल अनिल चौहान, थल सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी, नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश त्रिपाठी आ वायु सेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल अमरप्रीत सिंह उपस्थित छलाह। ई बैसार काल्हि दुनू देशक सैन्य अभियान महानिदेशकक एक दोसर सँ बात करबाक बाद संघर्ष विराम के नजरि मे राखि कऽ भेल। दुनू देशक ई अधिकारी काल्हि पुनः बात करयबला छथि। एहि सँ पूर्व विदेश सचिव विक्रम मिसरी काल्हि नव दिल्ली मे मीडिया के जनौलनि जे भारत पाकिस्तान द्वारा संघर्ष विराम उल्लंघन के बड्ड गंभीरता सँ लैत अछि। ओ कहलनि जे सशस्त्र बल स्थिति पर कड़गर नजरि राखि रहल अछि आ अंतर्राष्ट्रीय सीमाक संग–संग नियंत्रण रेखा पर उल्लंघनक कोनो घटना सँ सख्ती सँ निपटबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहलनि अछि जे ऑपरेशन सिंदूर मात्र सैन्य कार्रवाई नहि अछि। अपितु ई भारतक राजनीतिक सामाजिक आ सामरिक इच्छाशक्तिक प्रतीक अछि। रक्षामंत्री लखनऊ मे ब्रह्मोस एयरोस्पेस इंटीग्रेशन एंड टेस्टिंग फैसिलिटीक वर्चुअल उद्घाटन करबाक बाद ई बात कहलनि। रक्षामंत्री कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर आतंकवादक विरूद्ध भारतक दृढ़इच्छाशक्ति आ सैन्य शक्तिक क्षमता तथा दृढ़संकल्पक प्रदर्शन अछि। ओ कहलनि जे भारतीय सेना शौर्य आ पराक्रमक संग–संग संयमक परिचय सेहो दैत पाकिस्तान के कड़गर जवाब देलक अछि। श्री सिंह कहलनि जे आंतकवादक विरूद्ध भारत शुरू सँ जीरो टॉलरेंसक नीति पर काज कऽ रहल अछि। रक्षामंत्री कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे नव भारत पूरा दूनिया के ई स्पष्ट रूप सँ जनौलक अछि जे आतंकवादक विरूद्ध भारत कठोर कार्रवाई सँ पाछा नहि हटत।

---

विश्वक कतेको नेता लोकनि भारत आ पाकिस्तानक मध्य संघर्ष विरामक स्वागत करैत दुनू देशक मध्य तनाव कम करबा के लऽकऽ एकरा एक महत्वपूर्ण डेग जनौलनि अछि। संयुक्त राष्ट्र महासचिव अतोनियो गुतरेश भारत आ पाकिस्तानक मध्य संघर्ष विराम समझौताक स्वागत कयलनि अछि। ब्रिटेनक विदेश मंत्री डेविड लैमी संघर्ष विरामक स्वागत करैत दुनू देश सँ शांति बनौने रखबाक आग्रह कयलनि। यूरोपीय संघक विदेशी मामिलाक प्रमुख काजा कालस युद्ध विरामक महत्व के कायम रखबाक लेल सतर्कताक आवश्यकता पर जोर देलनि। सउदी अरबक विदेश मंत्रालय एक वकतव्य मे उम्मीद व्यक्त कयलक जे ई संघर्ष विराम शांति आ सुरक्षा के बहाल करय मे योगदान देत।

———————————————

जम्मू—कश्मीर मे जम्मू जिलाक आर.एसपूरा सेक्टर मे ड्यूटी पर उपस्थित बीएसएफक सब इंस्पेक्टर मोहम्मद इम्तियाज पाकिस्तानक गोलीबारी मे शहीद भऽ गेलाह। ओ सारण जिलाक गरखा थाना क्षेत्रक नारायणपुर गामक रहनिहार छलाह। हुनक पार्थिव शरीर के हुनक गाम मे सुपूर्द खाक कयल जायत।

———————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान बढ़ला सँ गर्मीक प्रकोप बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन मे प्रदेशक मधुबनी, दरभंगा, पूर्णियां, मधेपुरा, गोपालगंज, सीवान, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण मे लू चलबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, प्रदेशक आनो जिला मे मौसम गर्म आ शुष्क रहबाक संभावना अछि।

———————————————

बिहार मे खेलल जा रहल खेलो इंडिया यूथ गेम्सक आइ आठम दिन थीक। एखन धरि महाराष्ट्र अठाईस स्वर्ण, बाईस रजत आ पच्चीस कांस्य पदक संग कुल पचहत्तरि पदक जीत कऽ पदक तालिका मे पहिल स्थान पर बनल अछि। ओतहि, कर्नाटक उनचालीस पदक संग पदक तालिका मे दोसर स्थान आ राजस्थान तेईस पदक संग तेसर स्थान पर अछि। बिहार एखन धरि तीन स्वर्ण, आठ रजत आ आठ कांस्य पदक जीत कऽ पदक तालिका मे पंद्रहम स्थान पर अछि। एम्हर, आइ कब्बडीक अंडर एट्टीन बालक वर्गक फाईनल मे हरियाणा महाराष्ट्र के उनचालीस—अठाईस सँ पराजित कयलक। हमर बेगूसराय संवाददाता जनौलनि अछि जे फुटबॉल टुर्नामेंट मे तमिलनाडु हरियाणा के रोमांचक मोकाबिला मे तीन पेनाल्टी गोल सँ हरौलक।

---

दरभंगाक संयुक्त श्रम भवन मे आगामी चौदह मई के रोजगार हेतु जॉव कैंप लगाओल जायत। श्रम संसाधन विभाग द्वारा आयोजित एहि कैंप मे विभिन्न काम लेल करीब दू सय पचास पद पर नियोजन लेल साक्षात्कारक आयोजन कयल जायत।

---

आइ मातृदिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर लोक सभ मातृ शक्ति के नमन करैत माताक वात्सल्य प्रेमक चर्चा कऽ रहल छथि। विभिन्न सोशल मीडिया पोस्ट मे लोक मातृ शक्ति के नमन कयलनि अछि।

---

समाप्त